

PREPARE w pou yon TRANBLEMANNTÈ

New England sibi enpak gwo tranblemanntè ki gen plis ke mayitid 5.0. pandan plizyè fwa. Aprann kijan pou pwoteje tèt ou, moun ou renmen, ak sa w genyen ou.


Èske w te konnen...

Nan mwa Avril 2024, plizyè dizèn **milyon moun te santi** yon **tranblemanntè mayitid 4.8** sou kòt lès la.*

AVAN YON TRANBLEMANNTÈ

- Sekirize bagay ou yo.** Pifò blesi rive fèt lè objè ap tonbe oswa ap deplase.
 - Ranje bagay ki lou sou etajè ak kabinèt ki ba . Mete takèt nan pòt bifèt yo.
 - Fikse mèb ki wo ak lou yo nan mi ak atè.
 - Deplase kabann ak bèso yo lwen fenèt yo epi lòk wou yo.
- Konnen kijan pou **koupe kouran, gaz, ak dlo.**
- Mete foto lou** yo lwen kote moun chita ak dòmi.
- Kenbe yon **pè soulye solid** sou men pou mache nan debri.
- Panse pou achte yon asirans.

Sekirize bagay ou yo



Chèche **yon pwofesyonèl ki pou ede w :**

- Repare gwo fisi ki nan plafon oswa fondasyon.
- Ranplase fil elektrik ki pa bon ak koneksyon gaz ki gen fuit.
- Ranplase koneksyon sèvis publik ki di yo ak sa ki fleksib.



* Johnson, U.S. News & World Report.

PANDAN YON TRANBLEMANNTÈ

SI OU ANNDAN:

- **Bese, kouvri tèt ou, epi rete tann!** Mete w a kat pat. Antre anba yon tab oswa yon biwo ki solid, pwoteje tèt ou ak kou ou epi kenbe kò w. Si pa gen abri ki toupre, rale ale nan yon mi pa anndan.
- Si w ap itilize yon machèt oswa chèz woulant **bloke wou yo oswa sere fren yo. Bese, kouvri tèt ou, epi rete tann!**
- **PA mache antre soti nan batiman.**
- **PA PRAN asansè oswa eskalye yo.**

SI OU DEYÒ:


- **Rete deyò nan yon espas ki pa gen anyen sou li.** Ajenou oswa chita kouvri tèt ou.
- **Evite danje** tankou fil elektrik ki tonbe, tiyo ki kase, ak twou.

SI OU NAN MACHIN:

- Kanpe machin nan, mete fren an, **epi rete nan machin ou.**
- Si w toupre yon **liy elektrik ki tonbe**, rete nan machin ou, **epi rele 9-1-1.**


Mache san èd oswa ak yon baton...

BESE KOUVRI TÈT OU RETE TANN!



Itilize yon machèt oswa yon chèz woulant...

BLOKE KOUVRI TÈT OU RETE TANN!



Grafik sa a soti nan Earthquake Country Alliance

APRE YON TRANBLEMANNTÈ

• Evakye tousuit si gen yon...

- Dife: Rete ba epi ale.
- Odè gaz: Ouvri yon fenèt epi fèmen gaz la nan kontè prensipal ki deyò a.
- Fil elektrik k ap fè bri: fèmen gaz la an premye, apresa fèmen bouton elektrik prensipal la. Rete lwen fil ki tonbe.
- Tiyo kase: fèmen tiyo dlo prensipal la.
- Domaj estriktirèl: Gwo fisi nan fondasyon an oswa mi yo

• Voye mesaj tèks bay zanmi ak fanmi.

Mesaj tèks yo itilize mwens bann pasan ke apèl.

• Gen ti sekous annapre ki ka fèt apre tranblemantè a. **Fè reparasyon nan kay la.**

• Kontakte konpayi asirans ou an.

Rele 3-1-1 | aplikasyon

Sèvis Vil la

Rele 2-1-1

United Way of RI

Rele 9-8-8

Sipò Emosyonèl

Rele 9-1-1

pou rapòte ijans, liy elektrik ki tonbe, ak fwit gaz